



Fason pou Pale Avèk Doktè Ou

Talking With Your Doctor

Ekip swen sante ou

W ap gen yon ekip moun ki resevwa fòmasyon pou ede ou kontwole kansè ou. Chak nan moun sa yo gen ladrès espesyal ou ta ka bezwen. Yo kapab di ou kote ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou kansè. Yo kapab reponn kesyon ou yo, sipòte ou, epi ba ou referans pou ale nan sous èd ki toupre ou.

Li enpòtan anpil pou ou kapab pale avèk ekip swen sante ou lè w ap kontwole kansè ou. Doktè yo ak enfimyè yo kapab di ou anpil bagay. Men sa ou kapab mande yo:

- Kalite kansè ou
- Chwa pou tretman
- Reyakson negatif yo
- Sa ou kapab fè ak sa ou ta dwe fè pandan tretman an

Ou bezwen santi ou alèz avèk "jwè" yo ki nan ekip swen sante ou. Li pran tan, prekosyon, ak efò pou devlope yon ekip solid, men li bon pou fè sa. Moun sa yo se moun k ap travay avèk ou pou batay kont kansè.

Doktè ou

Doktè ou se "jwè" kle a nan ekip ou. Li ka pran yon ti tan ak travay anvan ou santi ou alèz avèk li. Pran tan ou pou poze kesyon ou yo epi pou fè konnen enkyetid ou. Doktè ou yo dwe pran tan tou pou yo koute ou epitou pou yo reponn kesyon ou yo.

Tout moun gen fason pa yo pou yo bay enfòmasyon. Se rezon sa a ki fè pi bon doktè pou yon moun ka pa yon bon doktè pou yon lòt moun. Reflechi sou sa ou vle nan yon

doktè. Kèk moun vle yon doktè ki bay enfòmasyon nan yon mannyè ki espè ak tankou biznis. Yo pa espere doktè yo ap vin zanmi yo. Lòt moun yo vle doktè yo gen yon bon “mannyè bò kabann” yo. Yo vle yon doktè yo kapab santi ki pwòch yo. Eseye chèche konnen sa ou bezwen, epi fè doktè ou konnen.

Relasyon ou avèk doktè ou enpòtan. Pwoblèm yo ka parèt, men si ou pale sou pwoblèm sa yo avèk doktè ou sa kapab ede ou. Endike enkyetid ou yo ak sa ou vle yo aklè. Bay kèk egzanp. Si ou pa kontan avèk relasyon sa a, ou ka bezwen reflechi sou lòt chwa yo, tankou chanje doktè yo. Si sa rive, fè doktè ou konnen desizyon ou ak rezon pou sa. Mande èd yo lè yo transfere swen sante ou ba nouvo doktè a.

Mande tèt ou, “Ki kantite enfòmasyon mwen vle konnen?”

Pa gen pwoblèm pou aprann nan pwòp ritm ou. Se sèlman oumenm ki konnen lè ou pare pou pale, lè ou vle jwenn plis enfòmasyon sou kansè ou, ak kantite detay ou vle.

Ou ka vle konnen anpil bagay sou maladi ou. Kèk moun reflechi plis nan kontwòl sa k ap pase lè yo konnen tout enfòmasyon yo. Oswa ou ka vle sèlman kèk ti kantite enfòmasyon. Sa fè kèk moun fache lè yo di yo twòp bagay alafwa. Yo ka santi yo estrese oswa akable avèk detay yo. Kèk nan moun sa yo ta ka pito kite piò desizyon yo ba doktè yo. Fè doktè ou konnen kantite enfòmasyon oswa ti enfòmasyon ou vle konnen yo.

Fason pou poze kesyon

Pa pè poze kesyon. Anpil doktè ap rete tann ou poze yo kesyon, men ou ka pa menm konnen sa pou mande yo. Li fasil pou bliye kesyon oumenm oswa moun pa ou yo ka genyen. Sa ap ede ou ekri yo lè yo vin nan tèt ou, answit pote yo lè ou prale nan klinik doktè a. Men kèk kesyon komen moun yo genyen sou kansè:

- Ki kalite kansè mwen genyen?
- Ki tretman ou sijere pou mwen?
- Èske gen lòt tretman?
- Kijan tretman sa yo pral ede mwen?
- Kijan yo ta ka domaje mwen? Ki risk ki genyen?
- Ki medikaman m ap resevwa? Pou kisa yo la?
- Kijan m ap santi mwen pandan tretman an?
- Ki reyaksyon negatif, si genyen, mwen ta dwe siveye?

- Èske gen nenpòt reyakson negatif oswa siy iregilye mwen bezwen fè ou konnen touswit?
- Kisa ki kapab fè sou reyakson negatif yo?
- Ki pi bon lè pou mwen rele si mwen gen yon kesyon oswa yon pwoblèm? Nan konbyen tan mwen kapab espere w ap rele mwen ankò?
- Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen yon pwoblèm lè klinik ou fèmen?
- Èske mwen ta dwe jwenn yon dezyèm pwendvi? Nan men kimoun?

Kijan mwen kapab sonje tout bagay?

Li difisil pou sonje tout bagay yo di ou nan chak vizit ou fè nan klinik doktè ou. Si ou fè menm moun nan la avèk ou chak fwa sa ap ede ou. Li kapab fè ou sonje kesyon ou vle poze yo epitou li kapab ede ou sonje sa doktè a te di ou.

Li ka pi fasil tou pou fè moun sa a pale pou moun pa ou yo sou fason yo ye. Sa ap ede yo konnen sa k ap pase, men tou anpeche ou gen pou poze twòp kesyon. Ou ta ka vle jwenn èd moun pa ou yo pou pran desizyon yo, poutèt sa se yon bon lide pou ajou.

Asire oumenm oswa moun pa ou yo note sa doktè a di ou. Ou ka menm vle anrejistre konvèsasyon ou. Sonje pou mande doktè ou si pa gen pwoblèm pou sa anvan.

Si ou bezwen plis detay apre doktè ou reponn yon kesyon, di li sa. Sa ka itil ou pou poze menm kesyon ankò nan yon lòt fason. Pafwa, doktè yo itilize mo ki difisil pou konprann. Si ou pa konprann yon bagay, mande doktè a pou li eksplike ou li. Sa ka ede ou mande imaj, sitwèb, vidyeo, oswa lòt bagay ou kapab pote lakay ou pou gade.

Lè ou jwenn enstwiksyon yo nan men doktè ou, ekri yo. Asire ou konprann yo anvan ou kite klinik lan. Answit swiv yo egzakteman. Pa gen pwoblèm pou rele klinik doktè a si ou gen plis kesyon pita. Enfimyè yo kapab ede ou tou.

Apre tout bagay, doktè ou ta dwe pran kesyon ou yo oserye. Yo ta dwe vle konnen enkyetid ou yo epitou yo pa ta dwe fè ou santi ou nan mache-prese. Si doktè ou pa reponn nan fason sa a, fè li konnen.

Asire tout doktè ou yo pale youn avèk lòt.

W ap souvan gen plis pase yon doktè, epi yo chak ta dwe konnen sa k ap fèt pou ou. Fè yon lis non tout doktè ou yo, espesyalite yo, nimewo telefòn yo, ak adrès yo. Bay yon kopi lis sa a pou chak doktè ki sou li. Sa ap fè li pi fasil pou yo pale youn avèk lòt epi pi

yo divilge rapò yo ak dosye medikal yo.

Ou ka gen pou siyen kèk fòm ki di pa gen pwoblèm pou yo divilge enfòmasyon yo epi pou yo pale sou dosye ou. Sa fèt pou pwoteje enfòmasyon prive ou. Lè ou ale nan klinik yon doktè, mande li si li te pale avèk lòt doktè ou yo oswa si li te jwenn rapò yo.

Se ekip swen sante ou.

Ou se manm kle ekip swen sante ou. Ekip ou ap konte sou ou pou ou vin yon patnè aktif. Sa vle di ale nan vizit nan klinik, pran medikaman yo selon preskripsyon yo, fè doktè ou oswa enfimyè ou konnen nenpòt pwoblèm oswa enkyetid ou genyen, epitou poze kesyon.

Si ou jwe yon wòl aktif nan swen sante ou sa ap ede ou aprann sa ou bezwen konnen an. Sa ap ede ou asire tou tout moun ap travay avèk ou pou batay kont kansè a. Pou kèk moun sa pran tan pou yo aprann fason pou yo vin yon manm aktif nan ekip la. Ou ka sezi nan fason ou ak nan fason moun pa ou yo ap alèz nan sa apre yon peryòd tan.

Ou ka pa janm konnen tout enfòmasyon yo sou kansè ak tretman li menm jan ak doktè ou, men oumenm ak moun pa ou yo se sèl moun ki kapab deside sa ki pi bon an pou ou. Nan ekip ou, toujou sonje ou gen yon pati kle pou jwe nan swen sante ou.

Si ou bezwen jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ou vin yon manm aktif nan ekip swen sante ou oswa si ou gen kesyon sou kansè ou oswa sou tretman kansè ou, tanpri rele nou nenpòt lè, lajounen oswa lannwit, nan nimewo **1-800-227-2345**.

Language: Haitian Creole

Last Medical Review: 11/17/2015

Last Revised: 11/17/2015

2016 Copyright American Cancer Society

For additional assistance please contact your American Cancer Society
1-800-227-2345 or www.cancer.org